

**BASA PACATURAN ING ADICARA NGETHOPRAK KIRUN JTV
(TINTINGAN SOSIOLINGUISTIK)**

Sheintya Nudy Ulfa Pratama
Pembimbing : Surana, S.S., M.Hum.
S-1 Jurusan Basa lan Sastra Dhaerah
Fakultas Basa lan Seni
Universitas Negeri Surabaya
sheintyapratama@mhs.unesa.ac.id

Basa yaiku sarana kanggo guneman utawa sesrawungan tumrap pawongan siji kan sijine, umume basa uga diarani minangka piranti kanggo *komunikasi*. Bab iki minangka bahan kanggo ndadekake ragam basa Jawa sing digunakake pacaturan dening Paraga Ngethoprak Kirun JTV dadi panliten ing skripsi. Bab kang bakal dirembut sajrone panliten iki yaiku (1) Werna basa apa wae kang digunakake dening Paraga Ngethoprak Kirun JTV. (2) Kaya ngapa wujud pamilihe tembung lan tetembungan ingadicara Ngethoprak Kirun JTV. (3) Apa wae makna kang kinandhut ingadicara Ngethoprak Kirun JTV.

Slaras klawan undheran panliten kasebut, panliten iki duweni ancas kanggo Ngandharake wernane basa, wujude alih kode, wujude campur kode ingadicara Ngethoprak Kirun JTV. Panliten iki nggunakake metodhe deskriptif kualitif sing diajab bisa ngolehake gegambaran sing gamblang lan objektif ngenani basa pacaturan ingadicara Ngethoprak Kirun JTV. Panliten iki nggunakake objek giyaran Ngethoprak Kirun JTV. Panliten iki uga nggunakake ancangan lan wewatesan.

Panliten iki nganggo metode nglumpukake dhata, njlentrehake dhata, transkripsi, klasifikasi dhata, lan olah dhata. Adhedhasar cara iku mau, mula ing panliten iki ditemokake wujude werna basa ana pitu, yaiku : (1)Werna Basa Jawa Ngoko Lugu, (2) Werna Basa Jawa Ngoko Alus, (3) Werna Basa Jawa Krama Lugu, (4) Werna Basa Jawa Krama Inggil, (5) Werna Basa Jawa – Arab, (6) Werna Basa Jawa – Indonesia, lan (7) Werna Basa Jawa – Inggris – Indonesia. Wujud pamilihe tembung lan tetembungan nemokake 2 prekara yaiku campurkode lan alih kode. Alih kode kang digunakake Paraga Ngethoprak Kirun JTV kaperang dadi papat, yaiku (1) Alih Kode Basa Jawa Ngoko Lugu – Ngoko Alus, (2) Alih Kode Basa Jawa Ngoko Lugu – Krama Lugu, (3), Alih Kode Basa Jawa – Basa Indonesia lan (4) Kode Basa Jawa – Basa Inggris. Campur kode kang digunakake Paraga Ngethoprak Kirun JTV kaperang dadi papat, yaiku: (1) Campur Kode Basa Jawa – Basa Indonesia, (2) Campur Kode Basa Indonesia – Basa Jawa, (3) Campur Kode Basa Jawa – Basa Arab, lan (4) Campur Kode Basa Jawa – Basa Inggris. Kang kaping telu yaiku makna kang kinandhut sajrone pacaturan ingadicara ngethoprak kirun yaiku (1) makna dhenotatif lan (2) makna konotatif.

Tembung Wigati : Werna Basa, Alih Kode, Campur Kode, Makna Dhenotatif, Makna Konotatif

PURWAKA

Isine bab I iki ngenani landhesane panliten, underan panliten, tujuwan panliten, paedaehe panliten, lan watesane panliten.

Lelandhesane Panliten

Wong urip ing alam donya iki duweni maneka basa kang diugemi miturut daerahe dhewe-dhewe. Basa dhewe duweni teges minangka sawijine piranti kanggo sesrawungan klawan wong liya, supaya wong sing lagi dijak guneman utawa cecaturan bisa mangerten iwa sing dikarepake dening panutur. Miturut (Kridalaksana ing Chaer, 2007:32) ngandharake bab ngenani tegese basa, yaiku tandha sing awujud swara kang duweni sifat *manasuka*, sabanjure ditambahake karo tandha swara kang digunakake dening masyarakat liyane kanggo sesrawungan lan nepungake awake dhewe.

Basa minangka unen-unen kanggo srawung, sing bisa kango ngandharake apa sing dikarepake dening awakke dhewe marang wong liyan. Kaya kang diandharake Putera (1993:15) yen manungsa kuwi bisa

medharake pikiran, pangrasa, lan uneg-uneg marang wong liya kanthi nggunakake basa. Bab kasebut sing ndadekake yen basa uga ora bisa uwah saka anane owah-owahan. Semono uga basa Jawa kang umure wis tuwa. Bab kasebut,njalari basa Jawa nduweni werna adhedhasar wektu panguripane, kayata: Jawa kuna, Jawa pertengahan, Jawa enggal, lan Jawa gagrag anyar. Kejaba iku, basa Jawa digunakake ing tlatah kang jembar banget, ora mung ing Jawa wetan lan Jawa tengah, nanging uga ing njabane pulo Jawa nganti mancanegara. Basa kang sumebar jembar panganggone bakal nduweni cengkok utawa logat dhewe-dhewe (Moeliono, 1982:10). Ing kono mau basa Jawa nduweni logat kang diarani dialek.

Wernane basa klebu sajroning ilmu *Sosiolinguistik*. *Sosiolinguistik* yaiku salah sawijining ilmu basa kang ngrembug antarane geyutane basa karo sosial masyarakat (Chaer lan Agustina, 1995:5). Dene miturut Basir (2001:146) ngandharake menawa *sosiolinguistik* yaiku ilmu kang ngrembug babagan basa, budaya, lan paedaehe kanggo srawung ironing masyarakat. Saliyane andharan para pakar ing dhuwur isih akeh andharan-andharan ngenani *sosiolinguistik* kang

isine ora beda adoh karo andharan ing dhuwur.

Miturut panganggone, wernane basa bisa kaperang dadi loro, yaiku werna basa lisan lan werna basa tulis. Werna basa lisan yaiku werna basa kang digunakake kanthi cara guneman utawa pitutur, dene werna basa tulis yaiku werna basa kang digunakake kanthi cara nulis. Miturut gunane, werna basa uga kaperang maneh dadi lima, yaiku (1) Ragam baku, (2) Ragam resmi, (3) Ragam usaha, (4) Ragam santai, lan (5) Ragam akrab (Nababan, 1993:22).

Basir (2010:3) ngandharake yen basa iku minangka piranti kanggo ngomongkake apa sing dadi kekarepane, mula umume padha nganggo basa daerah. Basa sing ana ing Indonesia panceñ akeh banget jinise. Salah sawijining yaiku basa Jawa. Basa Jawa akeh digawe dening masyarakat Jawa, mligine masyarakat Jawa Timur lan Jawa Tengah. Saben wong iku nduweni ciri khas dhewe-dhewe nalika ngomong, bab iku dibedakake miturut daerah asale. Mula pambedaning wilayah utawa daerah, bisa mbedakake basane wong.

Pamilihe tembung utawa asring sinebut diksi, uga ditemokake ing panliten iki, jalanan sajrone pacaturan antar paraga ingadicara Ngethoprak Kirun JTV iki duweni saperangan bab kang nggunakake diksi nalika pacaturan antar paraga. Diksi dhewe duweni yaiku sawijining cara kanggo milih tembung kanthi makna kang pener lan slaras kango nyengkuyung pandungkape sawijine gagasan tartamtu saka pawongan kang micara utawa panulis (Moeliono, 1990: 205; Arifin, 1987:150). Sajrone diksi iki bakal diperang dadi rong panliten maneh yaiku wujude alih kode lan campur kode.

Amarga panliten iki njlentrehake ngenani ragam basa lan pamilihe tembung ingadicara Ngethoprak Kirun JTV Jawa Timur, mula dhata panliten iki dijupuk saka siaranadicara Ngethoprak Kirun ing JTV Jawa Timur. Paraga Ngethoprak Kirun mau anggone njlentrehake apa kang kepengin diandharake asring nggunakake werna basa uga wujude alih kode lan campur kode, babagan iku mau kang dadi sumbering dhata ing sajroning panliten iki.

Kaya kang wis diandharake ing dhuwur, panliten iki narik kawigatene panliti amarga panliten kang sumbere jupuk saka giyaranadicara lawakan, mligine ingadicara Ngethoprak Kirun ing JTV Jawa Timur iki isih durung akeh. Mula saka iku, panliten iki diwenehi irah-irahan “*Basa Pacaturan ing Adicara Ngethoprak Kirun Jtv*”.

Undherane Panliten

Kantri landhesan alasan panliten kang wus kasebut ing dhuwur, mula perkara kang bakal dirembug ing panliten iki diperang kaya ing ngisor iki:

- (1) Warna basa apa wae kang digunakake dening paraga ingadicara Ngethoprak Kirun JTV?
- (2) Kaya ngapa wujude pamilihe tembung lan tetembungan sajroneadicara Ngethoprak Kirun

JTV?

- (3) Apa wae pesen kang kinandhut sajroneadicara Ngethoprak Kirun JTV?

Tujuwane Panliten

Kantri lelandhesan alasan panliten lan punjering panliten kaya ing dhuwur, mula panliten iki nduweni tujuan:

- (1) Ngandharake wernane basa kang digunaake dening Dhagelan JTV ingadicara Ngethoprak Kirun JTV.
- (2) Ngandharake wujud pamilihe tembung lan tetembungan ingadicara Ngethoprak Kirun JTV.
- (3) Ngandharake makna kang kinandhut sajroneadicara Ngethoprak Kirun JTV.

Paedahe Panliten

Asiling panliten iki arupa andharan babagan wernane basa, alih kode, lan campur kode ingpacaturan sajroneadicara Ngethoprak Kirun ing JTV minangka panyengkuyung ilmu Linguistik. Saliyané iku, mbok menawa panliten iki bisa migunani kanggo mahasiswa ing Jurusan Basa Jawa, uga piwulang Basa Jawa ing sekolah-sekolah mligine babagan basa.

Panliten iki nduweni rong asipat, yaiku asipat teoritis lan praktis. Asipat teoritis ing panliten iki bisa menehi ilmu kang ana gegayutanekaro ilmu sosiolinguistik ing antarane ngenani wernane basa. Dene asipat praktis yaiku kaperangan dadi patang perangan yaiku (1) Kanggo studi sosiolinguistik, minangka ilmu lan kajian ing wernane basa, (2) Kanggo dosen, asiling panliten iki bisa menehi saran kritik supaya luwh sampurna, (3) Kanggo mahasiswa, panliten iki bisa agawe wawasan marang mahasiswa supaya ningkatake mutu basa, (4) Kanggo lembaga, panliten iki bisa menehi kritik kanggo pengembangan lan pembinaan basa Jawa.

Watesane Panliten

Sajroning panliten iki, ana wates-watesing perkara kang ditliti. Anane watesan iku amarga saka kurang rowane kawruh kang diduweni panliti. Wewatesan iku mau kaya kang kasebut ngisor iki:

- a. Kang bakal dirembug ing panliten iki babagan ragam basa Dhagelan JTV ingadicara Ngethoprak Kirun JTV.
- b. Panliten iki nyoba ngandharake wujude ragam , pamilihe tembung lan tetembungan, sarta makna basa kang kinandhut ingadicara Ngethoprak Kirun JTV.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Isine bab II iki yaiku ngenani panliten kang saemper, wernane basa, pamilihe tembung lan tetembungan kang nemokake rong prekara yaiku campur

kodhe lan alih kodeh, makna basa dhenotatif lan konotatif, lan lelandhesane panliten.

Panliten Saemper

Panliten kang ngrembug ngenani babagan basa kanthi kajian *sosiolinguistik* iki wis tau dikaji karo Mahasiswa Jurusan Basa Jawa, kang uga bisa didadekake minangka referensi kang bisa menehi pamawas tumrap bab kang ditliti, ing antarane yaiku:

(1) *Ragam Basa Jawa dalam Ludruk Kraya Budaya dengan Lakon "Trubus Kudu Misuh"*. Dening Reni Indarwati 2008. Panliten iki duweni ancas kanggo ngaweruhu ragam basane paragane Ludruk Karya Budaya ing lakon Trubus Kudu Misuh. Panliten iki nggunakake tintingan sosiolinguistik, lan bab sing diandharake ngenani pamilihe tembung, anane pamedharan saka perangane awak, solah bawa lan panggonan. Basa sing digunakake basa ngoko, krama madya, lan krama inggil. Alih kode sing digunakake yaiku alih kode ngoko-*Indonesia*-ngoko, alih kode *Indonesia*-ngoko, alih kode ngoko-krama-*Indonesia*, lan alih kode ngoko-krama. Campur kode sing dumadi yaiku campur kode ngoko-*Indonesia*, campurkode *Indonesia*-ngoko, campur kode ngoko-krama, campur kode *Indonesia*-ngoko-*Indonesia*, campur kode ngoko-arab-*Indonesia*, campur kode krama-*Indonesia*-ngoko, lan campur kode ngoko-krama-*Indonesia*.

(2) *Ragam Basa Teks Lagu Campur Sari Anggitane Joko Jogger Lan Endah Koeswantoro*. Dening Dwi Retnaningsih 2010. Panliten iki duweni ancas kanggo ngaweruhu wujud ragam basa, alih kode, lan campur kode sajronone teks lagu campursari kang digunakake dening Joko Jogger lan Endah Koeswantoro. Panliten iki nggunakake tintingan sosiolinguistik, lan asil saka panliten iki yaiku ragam camapuran kang digunakake, antarane yaiku ragam basa ngoko lan dialek Surabayan. Alih kode sing digunakake yaiku *intern* sing dumadi saka alih kode ngoko-krama lan ragam basa krama-*Indonesia* lan *ekstern*. Dene campur kode sing digunakake yaiku campurkode *positif* lan *negatif*.

Wernane Basa

Wernane basa dadi bab kang baku ing teori sosiolinguistik. Miturut andharane Kridalaksana ing Chaer lan Agustina (1995:80) sosiolinguistik iku minangka salah sawijining ilmu linguistik kang ngandharake tandha-tandha wernane basa, lan netepake gegayutan tandha-tandha wernane basa iku karo tandha-tandha sosial masyarakat. Wernane basa duweni rong perangan, yaiku (1) werna basa kang disebabake saka anane keragaman sosial penutur lan keragaman fungsi basa iku dhewe, yen penutur basa kuwi kelompok sing beda-beda, jalaran *etnis*, status sosial, lan penggaweuan. (2) werna basa kang wis ana kanggo interaksi ing masyarakat, Chaer (2004:81). Wernane basa duweni cirikhas kang beda-beda amarga ing saben basa duweni

paugeran dhewe-dhewe. Antara basa siji lan sijine bisa beda amarga corak lan jinise pancen ora padha, mula saben wong sing nggunakake basa kudu mangerten paugeran ing saben basa lan jinise basa, supaya wong sing nggatekake bisa mangerten apa kang dadi guneman awake dhewe.

Hartman lan Stork (1972) mbedhakake werna basa adedhasar (1) masalah panggonan lan sosial penutur, (2) *medium* sing digawe, (3) bakune guneman. Beda karo panemune Halliday (1970,1990) ing chaer (2004:81) kang mbedakake ragam basa adedhasar (1) basa kang dianggo kasebut dialek, (2) basa kang dianggo kasebut register. Semono uga panemune (Soepomo 1981) lan (Pateda 1987) ing Basir (2002:40) kang ngandharake yen dialek munculake ragam basa ana patang perangan, yaiku (1) merga umur sing padha, (2) pengalaman kanggo ngadepi masalah, (3) status sosial, (4) merga ana tujuan kang bedha.

Miturut panemu ing dhuwur bisa dijupuk dudutan yen werna basa saka panggonan iku kasebut dialek regional, dene saka wektu bisa ngasilake ragam basa kang kasebut temporal, yen di deleng saka penganggone bisa kasebut idiolek. Chaer (2004:82) uga ngandharake werna basa yen disawang saka penuture bisa kaperang dadi papat yaiku: (1) idiolek, (2) dialek, (3) kronolek, lan (4) sosiolek.

Idiolek yaiku ragam basa kang asipat *perseorangan*. Miturut konsep idiolek, salah sawijining pawongan nduweni ragam basa utawa idiolek dhewe-dhewe. Ragam iki ana gegayutane karo werna swara, pilihan tembung, lelewane basa, tata-tatananing ukara, lsp. Nanging sing paling *dominan* yaiku warna swara, dadi yen awake dhewe luwih akrab kanthi cekap ngrungokake swara tanpa nyawang wonge, kabeh mau bisa dingerten.

Dialek yaiku ragam basa saka cacah penuture *relatif* kang manggon ing panggonan utawa daerah tartamtu. Dialek iki bisa diarani *dialek areal*, dialek *regional* utawa dialek *geografi* merga adedhasar wilayah utawa papan panggonan. Masyarakat penutur, sanajan nduweni idioleke dhewe-dhewe, nduweni ciri kang padha mratandhani yen wong iku ana ing dialek dhewe. Ing dialek iki padha ngertine antarane dialek siji lan sijine kang nduweni sipat *relatif*, bisa saka gedhe, bisa cilik lan uga bisa luwih cilik banget.

Kronolek utawa dialek *temporal* yaiku ragam basa sing dianggo saka kelompok sosial ing wektu tartamtu. Tuladhané yaiku ragam basa *Indonesia* ing taun telung puluhan, ragam sing dianggo taun sekawan, lan ragam sing dianggo masa kini sing mesti wae beda. Sing gawe pambedane yaiku saka segi *lafal*, *ejaan*, *morfologi* lan uga *sintaksis*.

Sosiolek utawa dialek sosial yaiku ragam basa sing gegayutan karo *status*, *golongan*, lan kelas sosial penutur. Ing *sosiolinguistik* biasane ragam sing paling akeh anggone nganggo wektu, amarga ragam iki ana gegayutane karo babagan pribadi penutur kayata umur, pendidikan, seks, penggaweuan, *tingkat* kebangsawanan, lan kahanan ekonomi.

Umume werna basa pancen mung kaperang dadi rong werna, yaiku adhedhasar daerah utawa tlatah,

yaiku sing nuwuhake perangan kang aran dialek, lan adhedhasar aspek *sosial* utawa sing nuwuhake perangan kang aran sosiolek (Padmasusastra ing Adipitoyo, 1996:31). Dene werna *sosial-e* basa umume uga kaperang dadi rong werna, yaiku basane sawijining kelompok utawa kang diarani *register*, lan werna basa ing saben-saben pawongan kang aran *idiolek* utawa *style*.

Nanging Adipitoyo (1996:34) ngandharake menawa werna *sosial-e* basa Jawa sabenere ora cukup yen mung kaperang kayadene ing ndhuwur mau. Anane undha-usuk basa ing basa Jawa, kang weneh gegambaran krIdaning wong Jawa ngolah basa utawa kerep diarani unggah-ungguhe basa uga bisa klebu ing babagan werna sosial.

Pamilihe Tembung (Diksi)

Pamilihe tembung utawa asring disebut diksi, yaiku bener orane anggone milih ing sawijine tembung miturut makna kang trep lan runtut, sarta slaras kanggo nyengkuyung pandungkape sawijine gagasan tartamtu saka sawijine uwong kang lagi micara utasa panulis (Moeliono, 1990: 205; Arifin, 1987:150). Saka panemu ing ndhuwur bisa ditegesi yen nalika kita milih sawijine tembung kanggo ngandharake bab tartamtu kanthi trep mula wong kang dijak guneman bisa mangerten i apa kang lagi kita andharake.

Saka andharan ing dhuwur, pamilihe tembung ing panliten iki bakal dirembug ing wujude Campur Kode, dene wujud Alih kode bakal ngrembung bab-bab ngenani tetembungan ing saben pacalathon saben paraga.

Campur Kode

Ironing guneman, kanggo njlentrehake apa kang dikarepake kudu nggawe ukara kang cetha lan gampang dingerten. Mulane, ana kalane kanggo njlentrehake sawijining bab kudu njupuk *unsur* basa saka basa liya utawa *variasi-ne* supaya karepe bisa dingerten. Kang kaya mangkono iku diarani campur kode. Ing masyarakat, campur kode iki wis biasa digunakake dening masyarakat. Nalika salah sawijining pawongan lagi omongan-omongan nganggo basa Indonesia, kanthi ora sadar ana tembung basa jawa sing digunakake utawa dilebokake. Semono uga suwalike, dadi bisa kadudut yen campur kode iku nganggo basa siji lan basa liyane kang nduweni ancas yaiku gawe kahanan supaya dadi *santai* lan lumaku tanpa beban.

Nalika guneman karo wong liya, ana kalane bakune guneman ngambrak teka ngendi-endi. Supaya omongan dadi bener, ana kalane kudu njupuk *unsur* basa saka basa liya. Kadadeyan iki diarani *campur kode* (Basir, 2002:60). Saka panemu iki, bisa kadudut yen *campur kode* minangka kedadean rong basa kang dianggo dadi siji supaya bisa luwih gampang dimangerten i apa kang pengin diandharake.

Para *ahli sosiolinguistik* nduweni panemu sing beda-beda, mula saka iku Chaer (1995:151) menehi wewatesan marang campur kode, yaiku panganggone rong basa kang ing njerone ana rong kode dhasar kang digawe ing guneman. Titikan kang katon ing campur kode yaiku *kesantaian* utawa kahanan *informal*, nanging

ing situasi *formal* uga ana panggonan kanggo campur kode sanajan mung sethithik. *Campur kode* ing situasi kaya mangkono iku disebabake ora anane tetembungan utawa ukara kang katon ing basa sing digawe iku, mula kudu nganggo ukara saka basa liya utawa basa asing (Nababan, 1993:32)

Kedadean campur kode iku disebabake merga ana patang perangan, yaiku (1) cekaking tembung, (2) merga ana gegayutane saka wong keloro, (3) kurang ngerten i kodene basa kang digawe, (4) merga ana gegayutane karo *prestis* (Basir, 2002:65).

Campur kode basa iku bisa nyebabake guneman dadi *komunikatif*. Tegese, apa wae kang diucapake penutur bisa katampa dening mitrane. Campur kode, ora mung kena daya (*pengaruh*) saka basa-basa kang wus umum, nanging uga pengaruh saka dialek. Minangka tuladhane, menawa penutur nganggo basa Indonesia akeh sing dicampur karo basa daerahe, mula bisa diarani yen wong iku wus nindakake *campur kode*.

Dene campur kode uga nduweni karep utawa tujuwan. Basir (2002:64) ngandharake yen campur kode iku nduweni tujuwan ing antarane, (1) Pengin nduduhake unsur *prestise* utawa nduduhake minangka wong kang kawruhe dhuwur, (2) nduduhake yen panutur iku pinter ing babagan basa.

Campur kode bisa nduweni asipat *negatif* lan bisa uga asipat *positif*. Ing kene campur kode *negatif* lan lan campur kode *positif* mau padha-padha kedadeyan saka ketemune rong basa utawa luwih kang digunakake dadi siji, tegese kolorone mau dumadi amarga panganggone basa siji ing basa liyane. Ananging kolorone mau uga isih bisa dibedakake. Kaya ing panliten iki kang bakal mbedakake antarane campur kode *negatif* lan lan campur kode *positif*.

Alih Kode

Kode yaiku kedadeyan antarane penutur lan mitra tutur. Kedadeyan kode iku kudu padha-padha ngertine antarane panutur (wong kang kapisan) lan mitra tutur (wong kapindho), dadi antarane siji lan sijine supaya bisa nindakake apa kang samestine ditindakake. Kode iku dhewe nduweni gegayutane karo ragam, tegese wong menehi kode marang wong liyane ana gegayutane karo cepete swara, swara kang banter, Pateda (1987:83). Owah-owahan saka basa siji menyang basa liyane diarani *alih kode*. Dhasare, alih kode iku kedaden amarga anane sawijining kepentingan utawa kahanan batine panutur kang owah (Kartomiharjo, 1988:33). Bab kasebut dijalari merga anane *tuntutan* kahanan. Tuladhane, wektu guneman karo kanca padha suku Jawa, sawijining pawongan micara nggunakake basa Jawa, amarga katekan kanca liya kang ora wasis guneman nganggo basa Jawa, pawongan mau ngowahi guneman nganggo basa Indonesia supaya kancane mau bisa ngerti kang dikarepake.

Panemu liyane (Apple, 1976:99) ing Basir (2002:61) diandharake yen alih kode minangka kedadeyan pindhahing kode siji ing kode liyane. Penutur basa ing masyarakat iki ora mungkin nganggo siji basa kanthi bener. Penutur ing masyarakat iki mesti uga akeh kang ngebokake basa liyane. Apple (1976:79) ing Chaer

(1995:141) uga ngandharake alih kode kanthi “tandha-tandha pindhahing basa amarga owahing kahanan”. Upamane, pindhahing basa Jawa ing basa Indonesia, yen ana penutur lan mitra tuture lagi guneman nganggo basa Jawa, dumadakan katekan wong liya kang ora ngerti basa Jawa. Mula kanthi rasa sosial, wong iku kudu ngganti basane saka Jawa ing Indonesia. Tekane wong liya mau kang diarani owahing kahanan utawa *situasi*. Amarga saka iku, alih kode iki nduweni fungsi kang karan *fungsi sosial*.

Saka panemu-panemu ahli *sosiolinguistik* kang wus kasebut ing dhuwur, mula alih kode yaiku kedadeyan ing guneman kang ngandharake ngenani pindhahing basa saka basa siji ing basa liyane.

Soewito ing Chaer (2004:114) merang alih kode dadi loro, yaiku *alih kode intern* lan *alih kode ektern*. Tegese *alih kode intern* yaiku alih kode kang kadaden ing basane dhewe, kayata basa Indonesia ing Jawa utawa suwalike. banjur *alih kode ektern* kadaden ing basane dhewe ing basa asing. Beda karo panemune Rahardi (2001:76) kang merang alih kode dadi limang werna, yaiku: (1) kode basa Jawa, (2) Kode basa Indonesia, (3) Kode basa asing, (4) kode tingkat tutur, (5) kode wujud ragam. Kode-kode kang kaya mangkono iku kang pungkasane dadi punjering analis ing alih kode.

Menawa digoleki jalarane alih kode, akeh panulis kang ngandharake kanthi cara kang beda-beda. Chaer lan Agustina (1995:143) ngandharake jalarane alih kode yaiku: (1) pawongan kang ngajak guneman, (2) pamiyarsa utawa pawongan kang diajak guneman, (3) owahe kahanan amarga tekane pawongan katelu, (4) owahe guneman saka bab resmi menyang babagan kang ora resmi utawa sakwalike, (5) owahe topik guneman.

Pakar liyane, Suwito (1985:73) ngandharake babagan kang njalari alih kode yaiku: (1) pawongan kang ngajak guneman (O1), (2) pawongan kang diajak guneman (O2), (3) tekane pawongan katelu (O3), (4) bakune guneman (*topik*), (5) kanggo gawe lelucon, (6) kanggo *gengsi*.

Poedjasoedarmo lan Sobarna ngandharake, yen alih kode uga nduweni rong ciri yaiku (1) sakabehing basa iku nduweni paedahi yaiku piranti kanggo guneman miturut tujuwane. (2) *fungsi* basa padhakna karo kahanan sing *relevan*. Ing perangan liya, Basir njlentrehake yen alih kode uga nduweni 2 sipat, yaiku (1) alih kode *permanen*, (2) alih kode sawetara. Alih kode *permanen* yaiku wujud alih kode sing nduweni sipat kang tetep, yaiku wong guneman kanthi ora ngowahi apa sing digunemake marang wong liyan. Yen alih kode sawetara yaiku awujud alih kode sing nduweni sipat kang ora tetep (ing Basir, 2002:61).

Ana maneh kaya kang diandharake Poedjasoedarma (1979:38-58) ngenani babagan kang njalari anane alih kode ana 15, yaiku: (1) kanggo mbenerake ukara liya, (2) guneman ora langsung, (3) owahe *status*, (4) amarga ora mumpuni marang sawijining basa (kode), (5) amarga ukara kang luwih dhisik, (6) kahanan nalikane guneman, (7) ora bisa nguwasani awake dhewe, (8) anane *pengaruh* saka babagan kang dadi punjere guneman, (9) anane pawongan katelu, (10) pepenginan golek panggonan

kanggo awake dhewe, (11) nduweni karep menehi wewarah marang pawongan kang diajak guneman, (12) ing sajroning pawiyatan utawa pasinaon, (13) nalika nganakake sandiwarra, (14) *pengaruh* subasita, lan (15) *pengaruh* saka karep kang beda-beda.

Makna Basa

Sawijine panuturan, tembung minangka babagan saka gugus basa kang nyengkuyung makna. Amarga asring banget ditemoni sawijine panutur nindakake seleksi lan pilihan-pilihan tartamtum supaya apa kang dadi ancuse bisa digayuh. Asring banget kapinterane sawijine pawongan anggone nekakake tembung lan istilah sajrone prastawa basa ndadekake pawongan bisa menehi pangaribawa marang pihak liyan saengga dheweke bisa dipercaya lan ditiru saka bab apa wae. Makna basa duweni 2 jinis yaiku makna dhenotatif lan konotatif.

Makna dhenotatif

Makna dhenotatif yaiku makna basa sing sabenere, objektif utawa apa anane. Makna dhenotatif iki asring banget diarani kanthi jeneng makna konseptual. Tegese yaiku, makna ing sawijine tembung kan dirumusake kanggo sepisanan diarani makna dasar. Tuladhane “adus” tegese kuwi ngresiki awak, kanthi piranti sabun banjur disiram karo banyu.

Makna Konotatif

Makna konotatif yaiku makna kang duweni sifat asosiatif. Tegese makna tembung kang ana iku mau minganca jalaran saka sikap sosial, pribadi, lan budaya kang ditambahake ing sajrone makna dhenotatif. Makna konotatif duweni julukan liya, yaiku makna kias, ora arang digayut-gayutake kanthi ungkapan budaya andharane duweni konteks ing sajerone.

Lelandhesan Teori

Akehe panemu ing dhuwur ora bakal digunakake kabeh ing panliten iki. Kanggo nganalisis ragam basa, panliten iki nganggo teorine Chaer (2004) kang ngandharake yen wernane basa utawa ragam basa ana rong pandhangsan, (1) werna basa utawa ragam basa kang diébabake amarga ana keragaman sosial penutur lan keragaman paedah basa iku dhewe, yen penutur basa kuwi kelompok sing beda-beda, merga *etnis*, *status sosial* lan penggawean. (2) werna basa utawa ragam basa kang wis ana kanggo *interaksi* ing masyarakat.

Kanggo nganalisis alih kode, panliten iki nganggo teorine Basir (2002:61) kang ngandharake yen alih kode iku ora mung owahing basa siji ing basa liyane, nanging uga amarga saka varian antar ragam, antar dialek, lan uga antar basa.

Dene campur kode ing panliten iki uga gawe teorine Basir (2002:64) kang ngandharake yen campur kode yen disawang saka *nilai aspek (kontribusi)*, kaperang dadi 2, yaiku (1) campurkode positif, lan (2) campur kode negatif.

METODHENE PANLITEN

Metode panliten mujudake perangan sing wigati sajrone panliten. Mula saka iku, kasil orane panliten gumantung saka trep lan orane tata cara utawa metode kang digunakake. Diarani wigati amarga tata cara panliten iku minangka piranti kang wus dipilih panulis kanggo panliten supaya asiling panliten mau bisa ditanggung jawabake.

Paedah nggunakake tata cara panliten yaiku supaya bisa ngendhani anane tumindak sing rada nyimpang, dadi dhata-dhata sing diolehi *objektif* lan bisa dipertanggung jawabake

Ancangan Panliten

Panliten iki kagolong panliten *linguistik* asipat *deskriptif*. Titikane nggunakake *teori* dhasar, *konsep* dhasar, modhel uga ancangan panliten bab basa kaya umume (Kridalaksana, 1984:118). Kanggo ngandharake dhata sing diolehi, panliti nggunakake tata cara *deskriptif kualitatif* kanggo nggambaraké wernane basa ing adicara Ngethoprak Kirun. Tata cara *deskriptif* digunakake kanggo nggambaraké ngenani sawijining kahanan ing sawijining wektu.

Metode *deskriptif kualitatif* yaiku panliten kang mung adhedhasar kasunyatan-kasunyatan kang kanthi *empiris* tuwuhan lan kedadeyan saka sumbering omongan utawa penutur (Sudaryanto, 1993:62). Metode iki nduwéni telung paedah, antarane (1) metode iki gampang yen adhep-adhepan karo kasunyatan *ganda*, (2) metode iki ngandharke kanthi langsung antarane peneliti karo *responden*, (3) metode bisa cepet *adaptasi* karo *pangaruh* sing kuwat lan *pola-pola* nilai kang diadhepi.

Panliten iki ora munjerake marang angka-angka. Ana ing panliten iki cukup nggunakake tata cara (metode) *kualitatif* utawa *prosedur* penaliten kang ngasilake dhata *deskriptif* arupa tembung-tembung kang katulis utawa unen-unen saka sumber. Nida (1949) ing Alwasilah (1985:116) ngandharake yen panliten *deskriptif* uga asipat (1) basa kang dienggo dhata yaiku basa kang diucapake dening wong kang guneman, (2) ngutamakake wujud basa kang dienggo ing panliten, banjur sapa sing nggunakake dianggep nomer loro, (3) perangane basa ora bisa diandharake kanthi trep tanpa ndulu ing perangan liyane, (4) basa tansah owah gingsir. Panliten iki uga asipat tus, ateges mung winates ing aspek basa kang ditliti tanpa nggatekake faktor njabane basa, kaya dene kejawaan, sosial, daerah, uga liya-liyane (tandingna Alwasilah, 1985:116).

Sumber Dhata

Sumber dhata yaiku subjek kang digunakake ing saben panliten. Sumber dhata iku minangka sumber papan panggonan sing dibutuhake panaliti. Sumber dhata iki bisa ngasilake kang sawijine bahan kang dadi objek panliten. Miturut Sutopo (2006:56-57) sumber dhata yaiku papan dhata kang diasilake kanthi nggunakake metode tartamtu kayata manungsa, artefak, lan dokumen-dokumen.

Sumber dhata *primer* yaiku sumber dhata sing

asale saka objek kang ditliti. Sumber dhata primer saka panliten iku yaiku video rekaman adicara Ngethoprak Kirun JTV. Dhata sing ana ing panliten iku yaiku werna basa, wujud alih kode, wujud campur kode, lan makna basasaka paraga ing adicara Ngethoprak Kirun JTV.

Dhata

Dhata yaiku sawijine gagasan fakta utawa angka kang bisa didadekake ubarampe kanggo nyusun saijine panliten. Dhata kasebut dibutuhake banget kanggo ngrampungake sawijine panliten. Miturut Sudaryanto (1998:44) dhata panyengkuyung iku dudu dhata kang di andharake nanging dhata kang digunakake kanggo nyengkuyung anane dhata dhasar. Panliten iku nggunakake dhasar, yaiku awujud vidio kang ditranskripsi menyang teks tulis.

Adicara Ngethoprak Kirun duweni lakon sing akeh banget, nanging ing panliten iku panulis njupuk rong lakon, yaiku lakon Cemburu Buta kang digiyarake tanggal 31 Agustus 2015, lakon Songkok Komandhan kang digiyarake tanggal 23 Agustus 2015. Panulis njupuk rong lakon saka adicara Ngethoprak Kirun iki wis nyukupi kanggo nggolek dhata sing dibutuhake. Mula saka rong lakon iki ora kurang utawa ora luwih kanggo njangkepi syarat dumadine panliten iki.

Instrumen Panliten

Instrumen panliten yaiku sawijine piranti kkanggo ngukur fenomena alam utawa sosial apa sing bakal ditliti (Sugiyono, 2012:102). Miturut Arikunto (2013:101) instrumen yaiku alat bantu sing dipilih lan digunakake panliti kanggo nglumpukake dhata supaya gampang lan sistematis. Panliten iku nggunakake instrumen panliten yaiku :

(1) Panliti

Panliti yaiku wong kang nliti panliten kasebut, panliti minangka instrumen kang utama amarga panliti kasebutsing mangerten perkara sing arep di goleki. Kayata: nggawe irah-irahan, nggawe lelandhesan panliten, nggawe undherane panliten, lan nggawe proposal panliten.

(2) Leptop

Leptop minangka salah siji piranti kang digawe nggarap sumber dhata sing awujud Video rekaman adocara Ngethoprak Kirun JTV.

(3) Piranti kanggo nulis

Piranti kanggo nulis yaiku piranti kang digunakake kanggo nulis bab-bab sing diperlokake. Piranti kanggo nulis iku minangka piranti panyengkuyung.

Tata Cara Panliten

Panliten iku nggunakake telung cara panliten, yaiku (1) tata cara nglumpukake dhata, (2) tata cara njlentrehake dhata, (3) tata cara ngandharake dhata (sudaryanti, 1986:62 lan 1998:2-9). Metodhe semak yaiku metodhe sing digunakake kanthi cara nyemak

panggunane basa. Teknik cathet yaiku teknik lanjutan nalika singditindakake nerapake metodhe semak.

Tata Cara Nglumpukake Dhata

Sajrone panliten kualitatif, teknik nglumpukake dhata kang utama yaiku teknik dokumentasi. Teknik dokumentasi yaiku teknik panliten kanthi nggoleki dhata-dhata ngenani bab-bab sing arupa cathetan, transkrip, buku, surat kabar, kalawarti, prasasti, notulen, rapat, lengger, agenda, lan liya-liyane (Arikunto, sajrone Widyarini 2013-24).

Teknik dokumentasi iki digunakake kanggo mangerteni gambaran umum ngenani dhata kang slaras karo panliten iki. Saengga dhata kang ana bisa luwih dipercara. Dokumen kan ana yaiku arupa tuturan sing ana ingadicara Ngethoprak Kirun kang nggunakake basa Jawa. Kanthii nggunakake pirantiletop lan alat tulis, panliti nraskrip dhata lan menehi cathetan. Cathet yaiku nulis samubarang kang dianggep wigati lan ana sambung rakete karo panliten kang ditindhakake. Sajrone panliten iki kang wigati yaiku milah-milah dghata , tetembungan kang digunakake , bab-bab kang durung dimangeteni, lan wektu sajrone tuturan.

Tata Cara Njlentrehake Dhata

Dhata sing wis ana banjur ditranskripsi lan diklasifikasi. Sakabehe korpus dhata banjur diklompokake miturut werna basa, wujud alih kode, campur kode, lan makna tuturan. Kanggo ngolah dhata supaya asil kang ditliti luh rincilan jangkep, panulis ngandharake kanthi tatacara kaya ing ngisor iki.

Transkripsi Dhata

Dhata sing wus dikumpulake banjur dipanthalpantha miturut panliten. Ing panliten iki ngandharake basa pacaturan ingadicara Ngethoprak Kirun JTV. Bab kang dibahas ing panliten iki ngenani werna basa, wujud pamilihe tembung lan tetembungan, sarta makna kang kinandhut ing pacaturan sajrone dhata kasebut.

Transkripsi dhata iki gegayutan karo nulis sakabehe dhata kang ditemokake, kanthi transkripsi. Dhata kang diitemokake kanthi metodhe nyemak marang sumber dhata kang wis ditemokake lan nggunakaketeknik cathet ditulis apa anane. Tujuwan transkripsi dhata yaiku kanggo mangerteni sepira akehe dhata kang wis diklumpukake.

Klasifikasi dhata

Ing tahap iki panliti milih sakabehe dhata. Dhata-dhata kang ora ana gegayutane karo undheran disisihake. Dene sing ana gegayutan digunakake minangka dhata panliten, kang slaras karo undheran.

Sawise nindakake tahap transkripsi awujud tulisan, banjur diterusake nggunakake tahap klasifikasi dhata. Dhata kang wis dipilih sajrone transkripsidhata, banjur diklasifikasi adhedhasar punjere panliten. Pengklasifikasi dhata ditindakake kanthi nglasifikasi pacaturan kang ngandhut werna basa, wujud alih kode, campur kode, lan makna tuturane.

Tata Cara Olah Dhata

Tata cara nyuguhake asil dhata ing panliten iki kanthi cara nggolongake werna basa, wujud alih kode, campurkode lan makna basasing ana ing njerone pacaturan. Dhata sing dijlentrehake , diandharake kabeh awujud laporan katulis. Tata cara nyuguhake asil jlentrehan dhata ana loro, yaiku kanthi cara formal lan informal (Sudaryanto, 1993:145)

Nyuguhake dhata kanthi cara formal yaiku kanthi cara nyuguhake dhata kanthi nggunakake angka-angka lan kanthi cara nyuguhake dhata arupa tembung-tembung kang bisa dimangerteni lan dipahami saben pamaca kang masa asile panliten.

Tata Cara Nggunakake Dhata

Tahap iki minangka upaya panulis anggone nliti, menehi analisis, sing awujud laporan katulis kang wus ngasilake saka pakaryan analisis khususe basa pacaturan. Mula saka kuwi, asil analisis dhata diandharake kanthi pengklarifikasiankanthi cara menehi kode-kode ing dhata kang digunakake .

Asil analisis dhata minangka tembung-tembung dindharake kanthi pengklarifikasian kanthi cara menehi kode-kode ing dhata kang nggunakake basa pacaturan werna basa. Alih kode lan campur kode. Panjlentrehan asil analisis dianakake kanggo deskripsi kewangsulan marang prekara kang wus di tliti kang sarujuk karo tujuwan ing panliten iki, yaiku deskripsi panganggone wernane basa, campurkode, alih kode, lan campurkode sarta makna ing pacaturan.

Tata Cara Nyuguhake Dhata

Tata cara nyuguhake dhata sajrone panliten iki yaiku asil saka analisis dhata sing wis ditliti banjur disuguhake awujud laporan tulis ngenani sakabehe kang wis diasilakeing panliten ini, mlikine ngenani basa pacaturan ingadicara Ngethoprak Kirun. Sudaryanto (1998:45) ngandharake yen cara nyuguhake dhata kanthi informal yaiku menehake analisis dhata kanthi nggunakake tembung-tembung lan ukara-ukara sing lumrah. Asile panliten ditulis kanthi sistematika panulisan skripsi, kaya ing ngisor iki :

BAB I : Purwaka, kang isine ngenani lelandhesan panliten, undherane panliten, ancase panliten, paedah panliten, wewatesan panliten.

BABII : Tintingan kapustakan kang isine panliten sadurunge kang saemper, teori kang cunduk karo panliten kang arep ditliti, lan lelandhesane teori.

BABIII : metodhe panliten kang isine ancangan panliten, sumber dhata, dhata, panliten, tata cara panliten, tata cara nglumpukake dhata, tata cara njlentrehake dhata kang nraskripsikake dhata lan nglasifikasi kasekake dhata, tata cara olah dhata, tata cara nggunakake dhata, lan tata cara nyuguhake dhata.

BAB IV : Andharan asile panliten Adhedhasar cara iku mau, mula ing panliten iki ditemokake wujude werna basa ana pitu, yaiku : Basa Jawa Ngoko Lugu, Basa Jawa Ngoko Alus, Basa Jawa

Krama Lugu, Basa Jawa Krama Inggil, Basa Jawa – Arab, Basa Jawa – Indonesia, lan Basa Jawa – Inggris – Indonesia. Wujud pamilihe tembung lan tetembungan nemokake 2 prekara yaiku campurkode lan alih kode. Alih kode kang digunakake Paraga Ngethoprak Kirun JTV kaperang dadi papat, yaiku Basa Jawa Ngoko Lugu – Ngoko Alus, Basa Jawa Ngoko Lugu – Krama Lugu, Basa Jawa – Basa Indonesia lan Jawa – Basa Inggris. Campur kode kang digunakake Paraga Ngethoprak Kirun JTV kaperang dadi papat, yaiku: Basa Jawa – Basa Indonesia, Basa Indonesia – Basa Jawa, Basa Jawa – Basa Arab, lan Basa Jawa – Basa Inggris. Kang kapung telu yaiku makna kang kinandhut sajrone pacaturan ingadicara ngethoprak kirun yaiku makna dhenotatif lan makna konotatif.

BAB V : Panutup ngandharake dudutan lan pamrayoga.

JLENTREHAN DHATA LAN DDISKUSI ASILE PANLITEN

Isine bab IV iki, yaiku ngandharake asile panliten sing luwih cetha kanthi dhata-dhata kang wis ditliti.

Andharan lan Jlentrehan Dhata

Ana ing bab iki, bakal diandharake asiling panliten ngenani Werna basa, wujud alih kode lan campur kode, sarta makna basa ingadicara Ngethoprak Kirun JTV.

Wernane basa nduweni jinis lan corak kang werna-werna. Saben-saben werna nduweni titikan dhewe-dhewe. Werna basa sing siji nduweni titikan tartamtu kang mbedakake karo werna basa liyane. Basa kang digunakake ingadicara Ngethoprak Kirun JTV mujudake werna basa, amarga nduweni titikan tartamtu. Werna basa kang digunakake ingadicara Ngethoprak Kirun JTV iki yaiku werna basa Jawa ngoko lugu, werna basa Jawa ngoko alus, werna basa Jawa krama lugu, werna basa Jawa krama inggil, werna basa Jawa - Arab, werna basa Jawa-Indonesia, lan Werna Basa Jawa - Inggris - Indonesia

Alih kode ing dhata panliten iki dijupuk saka guneman ing antarane paraga Ngethoprak Kirun JTV, lan alih kode kang digunakake iku bisa nduweni tujuwan (1) supaya narik perhatiane para pamirsa, (2) supaya luwih gampang dimangerteni sakabehe kalangan pamirsa campursari, (3) supaya tetep bisa nglestarekake basa Jawa. Alih kode ing kene diperang dadi rong maacem yaiku alih kode *intern* lan alih kode *ekstern*. Panliten iki nemokake wujud alih kode *intern* antarane yaiku alih kode basa Jawa ngoko lugu - basa Jawa ngoko alus, alih kode basa jawa ngoko lugu – basa Jawa krama lugu, lan basa Jawa - basa Indonesia. Dene alih kode *ekstern* antarane yaiku basa Jawa - basa Inggris.

Campur Kode ing dhata panliten iki dijupuk saka guneman ing antarane paraga Ngethoprak Kirun

JTV, campur kode iku bisa ndadekake guneman gampang dimangerteni, biasane campur kode digunaake kanggo njlentrehake babagan kang dadi bakune omongan supaya ukarane ora mbungungake sing diajak guneman, apamaneh yen sing diajak guneman mau durung sepira mangerteni basa kang digawe guneman wong kang ujar. Panliten iki merang campur kode dadi rong macem, yaiku campur kode *intern* lan campurkode *ekstern*. Campur kode *intern* antarane yaiku campur kode basa Jawa – basa Indonesia, lan basa Indonesia – basa Jawa. Dene campur kode *ekstern* yaiku antarane Campurkode basa Jawa – basa Arab, lan campurkode basa Jawa – basa Inggris.

Sawijine panuturan, tembung minangka babagan saka gugus basa kang nyengkuyung makna. Amarga asring banget ditemoni sawijine panutur nindakake seleksi lan pilihan-pilihan tartamtu supaya apa kang dadi ancuse bisa digayuh. Asring banget kapinterane sawijine pawongan anggone nekakake tembung lan istilah sajrone prastawa basa ndadekake pawongan bisa menehi pangaribawa marang piyah liyan saengga dheweke bisa dipercaya lan ditiru saka bab apa wae. Makna basa duweni 2 jinis yaiku makna dhenotatif lan konotatif.

Werna Basa

Saka dhata kang kajupuk saka giyaran adipara Ngethoprak Kirun JTV ing tanggal 15, 23, lan 31 Agustus 2015 nggunakake ragam basa miturut kebutuhane. Siaran Ngethoprak Kirun iki minangka adipara sing nyuguhake lawakan utawa dhagelan kanggo menehi panglipur marang pamirsa. Sajrone adipara iki akeh pacaturan sing nggunakake basa minangka alat komunikasi saben paraga, saben cecaturan para paraga kasebut nggunakake basa kang maneka warna utamane basa Jawa. Ing ngisor iki bakal diandharake cara pangganggonge basa Jawa sajrone adipara Ngethoprak Kirun JTV kang wis ditemokake dening panulis.

Basa Jawa

Basa Jawa minangka basa sabendinan kang biasa digunakake dening warga masyarakat Jawa, uga ditemokake sajrone Siaran Ngethoprak Kirun ing JTV. Basa Jawa kang ditemokake yaiku basa Jawa ngoko lugu, basa Jawa ngoko alus, basa Jawa krama lugu, lan basa Jawa krama alus. Luwih cethane perkara kasebut akal kaandharake ing ngisor iki.

Werna Basa Jawa Ngoko Lugu

Werna basa ngoko yaiku werna basa kang umum digunakake kanggo omong-omongan ing lingkungan masyarakat Jawa mligine masyarakat Jawa Tengah lan Jawa Timur. Werna basa ngoko digawe merga dianggep pantes kanggo guneman ing antarane wong sapantaran.

Werna basa ngoko iku digunakake ing adipara Ngethoprak Kirun JTV, bab iku kabukten kaya ing tuladha ngisor iki.

Dhata (1)

- Cak Andhik : Aku ngunu lawong karepmu, aku mikir ora ngono, sing penting aku nggolek slamet,
- Cak Joko : Slamet piye?
- Cak Andhik : Apa wis mbok pikir ta kui arep musuh Landa ki?
- Cak Joko : Jelas, uwis tak pikir sing kanti mateng-mateng, tak itung sing genep tenan Ndik,
- (Ngethoprak Kirun JTV tanggal 23 Agustus 2015
“Songkok Komandhan”)

Saka dhata ing dhuwur nuduhake yen Cak Andhik pacaturan karo Joko nggunakake basa ngoko lugu, dideleng saka tembung “aku”, “piye”, “uwis” kang ana ing njero pacaturan antarane Cak Andhik lan Cak Joko. Nuduhake kahanan kang duweni sipat wigati. Dhata iki uga nuduhake salah sawijine ragam basa ngoko lugu sing gampang ditrima dening mitra tutur, yaiku wong sing nonton lan ngrungokake. Basa kang digunakake ing dhata iki duweni sifat umum sing bisa dirungokake dening kabeh kalangan pawoongan, uga bisa disawang status sozial lan umur saka panutur ing dhata iki.

Werna Basa Jawa Ngoko Alus

Tingkat antya iki bisa ditemokake tembung-tembung ngoko sing kecampuran krama lan sebageyan krama inggil utawakrama andhap. Afiks sing digunakake yaiku afiks ngoko, kaya pethikan-pethikan ing ngisor iki

Dhata (2)

- Abah Kirun : Sik sik, nuwun sewu nggih Dek, nuwun sewu nggih anak mantu, selawase sampeyan dadi penyanyi wis tahu eruh wong rupane kaya ngeneki pa rung?
- Fitri : Mboten tau ngertos,
- (Ngethoprak Kirun JTV tanggal 31 Agustus 2015
“Cemburu Buta”)

Dhata ing dhuwur kalebu wernane basa adhedhasar panganggone nggunakake ngoko alus. Merga basa kang digunakake ing pacaturan kasebut yaiku ngoko kecampuran krama andhap utawa lugu. Kayata tembung “sampeyan” kang ana ing pethikan ing dhuwur kasebut, yen basa ngoko nggunakake tembung ‘kowe’. Ananging ing kene wis kecampuran karo basa krama andhap utawa madya. Dadi wernane basa kang digunakake bisa luwih alus timbang ngoko lugu.

Yen disawang saka pethikan ing dhuwur, paraga siji lan liyane duweni unggah-ungguh basa kang ditrepake ing kalungguhane. Swasanane akhrab, ananging sing luwih enom tansah nggunakake basa kang luwih alus marang wong sing luwih tuwa kanggo tanda yen wong sing luwih enom kuwi ngurmati wong sing luwih tuwa,

katilik saka ukara “mboten tau ngertos” iki padha karo “ora tau ngerti” yen ngoko lugune lan “mboten nate pirsa” yen krama aluse. Dadi werna basa ngoko alus iki isih bisa digunakake ing kahanan santai.

Werna Basa Jawa Krama Lugu

Krama lugu yaiku tingkat krama sing ora ngandhut krama inggil lan krama andhap, nanging isih ngandhut sufiks ngoko. Krama lugu digunakake dening wong tuwa marang wong enom kanggo ngurmati merga pangkate luwih dhuwur utawa bisa digunakake dening wong tuwa marang wong wong tuwa. Kayata pethikan ing ngisor iki.

Dhata (3)

- Cak Joko : Sersan... wonten napa niki? Kok sajake gayeng hehe
- Sersan Aji : Eh, kowe ta Ko, iki lho kancamu.
- Cak Joko : Iha kenging menapa kanca kula Pak?
- Sersan Aji : iki hlo Ko, aku iki kepengin sesuk kancamu iki tak tugasi jaga ning desa Kedung kana.

(Ngethoprak Kirun JTV tanggal 23 Agustus 2015
“Songkok Komandhan”)

Dhata ing dhuwur nuduhake yen panganggone basa Jawa awujud krama lugu, amarga basa sing digunakake sajrone pacaturan kasebut ngandhut basa krama inggil lan krama andhap, nanging uga isih ana basa ngokone. Werna basa krama lugu ing kene nduweni tujuwan ngurmati wong sing duweni pangkat luwih dhuwur, nanging supaya katon akrab lan ora katon resmi.

Werna Basa Jawa Krama Inggil

Krama alus yaiku tingkat tatanan basa sing paling dhuwur lan paling kurmat. Lumrahe digunakake dening wong kapisan tumrap wong kapindho sing nduweni kelas sosial dhuwur utawa dikhurmati, uga digunakake dening wong sing luwih enom marang wong sing luwih tuwa. Basa krama inggil iki duweni titikan basa sing digunakake nggunakake basa krama alus kang ngandhut tembung-tembung lan imbuhan krama sarta ngandhut krama inggil. Kayata pethikan-pethikan ing ngisor iki.

Dhata (4)

- Cak Yudho : Asal kula mriki badhe
- Abah Kirun : Mboten pangling, Mas Yudho.
- Cak Yudho : Nggih, bade nglamar putrane hehehe.
- (Ngethoprak Kirun JTV tanggal 31 Agustus 2015
“Cemburu Buta”)

Dhata ing dhuwur nuduhake anane werna basa awujud krama inggil, merga basa sing digunakake sajronepacaturan kasebut nggunakake basa krama alus. Kaya pethikan pacaturan ing dhuwur. Nanging isih ana saperangan kecampuran krama lugu. Krama inggil arupa tingkatan basa sing paling dhuwur lan digunakake supaya

ngurmati wong sing diajak pacaturan, amarga durung kenal utawa tingkat sosiale luwih dhuwur. Werna basa awujud krama inggil ing kene nduwensi teges kanggo ngurmati lan katon sopan nalika guneman antarane paraga.

Werna Basa Jawa - Arab

Basa Arab minangka basa kang asring digunakake dening masyarakat nalika uluk salam, ngucapake rasa syukur, lan liya-liyane. Basa Arab iki uga ditemokake ing saperangan pacaturan antar paraga sajroneadicara Ngethoprak Kirun JTV. Ing ngisor iki bakal diandharake werna basa Arab kang digunakake parasaga ingadicara Ngethoprak Kirun JTV sing wis ditemokake dening panulis.

Dhata (5)

Abah Kirun : Aku lagek iki loh JTV enek Dursasane barang, yaapa Ndhuk Tri?
Fitri : Alhamdulillah sehat wal'afiat,
Abah Kirun : Suaramu sik apik, sik nyanyi?
(Ngethoprak Kirun JTV tanggal 31 Agustus 2015
“Cemburu Buta”)

Dhata ing dhuwur mujudake wujud werna basa Arab kang wis biasa digunakake dening masyarakat Jawa, mligine masyarakat Surabaya. Basa Arab iki minangka basa kang digunakake nalika pawongan kasebut ngucapake rasa syukur, uluk salam, lan liya-liyane. Katilik saka anane tembung “Alhamdulillah” sing duweni teges minangka sulihe wujud rasa syukur marang Gustine, dene “wal'afiat” duweni teges sing mbangetake yen paraga kasebut sehat banget ora kura apa-apa. Werna basa Arab iki duweni tujuwan kang wis saben uwong ngerti apa maknane, amarga tembung-tembung kasebut panceun wis umum digunakake ing bebrayan sabendinane.

Werna Basa Jawa – Indonesia

Basa Indhonesia minangka basa Nasional kang uga asring digunakake dening bebrayan Jawa khususe Surabaya. Apa maneh wong sing saben dinane dikulinakake nggunakake basa Indonesia. Werna Basa Indonesia iki uga ditemokake ing saperanggang pacaturan kang digunakake dening paraga ingadicara Ngethoprak Kirun JTV. Ing ngisor iki bakal diandharake werna basa Indonesia kang wis ditemokake panulis.

Dhata (6)

Dina : Piye kabare Dhik? Suwe gak ning Jawa ta?
Fitri : Ya Alhamdulillah sih baik,
Dina : Terus gimana jadi penyanyine? Isih sering tanggapan gitu ta Dhik?
(Ngethoprak Kirun JTV tanggal 31 Agustus 2015
“Cemburu Buta”)

Dhata ing dhuwur nuduhake yen sajrone pacaturan Dina lan Fitri nggunakake Basa Indonesia. Prekara kasebut bisa kabuktekake kanthi anane ukara-ukara kang diucapake dening kekarone. Tembung-tembung kang digunakake dening kekarone kabeh kalebu temebung basa Indonesia.

Sasana kang dumadi sajrone pacaturan kasebut bisa diarani *serius*. Pacaturan kasebut nuduhake yen pawongan kang lagi cecaturan ngrembug perkara kabar. Panganggone basa Indonesia sajrone pacaturan iki amarga paraga luwih penak yen nalika ngaturake bab kang digunem kasebut nggunakake basa Indonesia.

Werna Basa Jawa – Inggris - Indonesia

Basa Inggris minangka basa Internasional kang uga asring digunakake dening bebrayan Jawa khususe Surabaya. Biasane wong sing nggunakake Basa Inggris kuwi uwong sing wis kulinan cecaturan nggunakake basa Inggris, lan uga panceun kabeh wong dituntut bisa basa Inggris. Apa maneh wong sing saben dinane dikulinakake nggunakake basa Inggris. Werna Basa Inggris iki uga ditemokake ing saperanggang pacaturan kang digunakake dening paraga ingadicara Ngethoprak Kirun JTV. Ing ngisor iki bakal diandharake werna basa Indonesia kang wis ditemokake panulis.

Dhata (7)

Abah Kirun : Nampa sapa wae? ikut orkes siapa saja?
Fitri : Sapa ae Pak sing ngajak,
Abah Kirun : Oh freelance?
Fitri : nggih,Freelance,
(Ngethoprak Kirun JTV tanggal 31 Agustus 2015
“Cemburu Buta”)

Saka dhata ing dhuwur nuduhake anane wujud werna basa adhedhasar panganggone nggunakake basa Inggris sajrone pacaturan ingadicara kasebut. Amarga basa kang digunakake ing pacaturan kasebut basa Inggris. Kayata tembung “freelance” kang ana ing pethikan ing dhuwur kasebut yen basa Indonesia nggunakake tembung “bebas”. Kuwi disebabake amarga paraga kasebut kanthi ora sengaja mangsuli pitakonan nggunakake basa Inggris.

Wujud Campur Kode

Campur kode iku bisa ndadekake guneman gampang dimangerten, biasane campur kode digunaake kanggo njlentrehake babagan kang dadi bakune omongan supaya ukarane ora mbingungake sing diajak guneman, apamaneh yen sing diajak guneman mau durung sepira mangerten basa kang digawe guneman wong kang ujar. Tuladhané wong Jawa ngomong marang wong Madura, kamangka wong Madura mau olehe ngerti basa Jawa durung sepira cetha, dadi yen kira-kira wong mau ora ngerti kudu dikandhakake karo basa Indonesia.

Campur Kode Intern

Campur kode *intern* yaiku panganggone tembung-tembung saka wernane basa kang digunakake kang duweni sipat basa dhaerah lan basa nasional. Panganggone campur kodhe *intern* sajroneadicara Ngethoprak Kirun JTV iki bakal diandharake kaya ing ngisor iki

Campur kode Basa Jawa – Basa Indonesia

Campur kode saka basa Jawa menyang basa Indonesia akeh digunakake dening paraga Ngethoprak Kirun JTV. Bab iki dumadi amarga reflek penyiar kang wis biasa gunemana nganggo basa Indonesia, dadi nalika siaran nganggo basa Jawa, isih kerep kecampurn karo basa Indonesia.

Dhata (8)

- Dina : Ati-ati ya Mas kerja neng kana, aja lirak-lirik liyane loh ya Mas Mondol ya?
Cak Mondol : Ora-ora,
Dina : Tenan loh, aku setia menantimu di sini ya Mas Mondol ya,
Cak Mondol : Tenan, pokok'e aku cuman cintaku padamu.
(Ngethoprak Kirun JTV tanggal 31 Agustus 2015
“Cemburu Buta”)

Saka dhata ing dhuwur bisa dimangertenin yen Dina sajrone cecatrunan nggunakake basa Jawa lan basa Indonesiaa nalika cecatrunan klawan Cak Mondol. Bab kasebut bisa dibuktekake kanthi anane ukara kang diucapake dina marang cak mondol. Ukarane yaiku “Tenan loh, aku setia menantimu di sini ya Mas Mondol ya.”. Tembung “tenan” kuwi minangka bukti yen tembung kasebut tembung basa Jawa. Dene tembung “menantimu”, “di sini”, kuwi mbuktekake yen tembung kang digunakake Dina ngandut tembung basa Indonesia.

Padha dede karo sing dadi pocapane Cak mondhol, dheweke sajrone cecatrunan uga nggunakake basa Jawa lan basa Indonesia ing saukara. Ukara kang nuduhake anane campur kode basa Jawa menyang Basa Indonesia yaiku “Tenan, pokok'e aku cuman cintaku padamu.” Tembung “tenan” lan “pokoke” kuwi wis cetha yen tembung saka basa Jawa, dene tembung “cuman”, “cintaku”, “padamu” iki mbuktekake tembung-tembung kang digunakake Cak Mondol nggunakake basa Indonesia. Mula saka kuwi, bab ing dhuwur minangka wujud anane campur kode Basa Jawa menyang Basa Indonesia.

Campur Kode Basa Indonesia – Basa Jawa

Campur kode saka basa Indonesia menyang basa Jawa akeh digunakake dening paraga Ngethoprak Kirun

JTV. Bab iki dumadi amarga reflek penyiar kang wis biasa gunemana nganggo basa Indonesia, dadi nalika siaran nganggo basa Jawa, isih kerep kecampurn karo basa Indonesia.

Dhata (9)

- Abah Kirun : Saya salut, kamu ternyata hebat sekali. Sersan Aji yang selalu berpegang pada prinsip, kabeh uwong kudu dicurigai, berarti penyamaran ku sukses.
Cak Joko : Bernasil!
Abah Kirun : Bernasil!
(Ngethoprak Kirun JTV tanggal 23 Agustus 2015
“Songkok Komandan”)

Saka dhata ing dhuwur bisa dimangertenin yen Abah sajrone cecatrunan nggunakake basa Indonesia lan basa Jawa nalika cecatrunan klawan Cak Joko. Bab kasebut bisa dibuktekake kanthi anane ukara kang diucapake Abah Kirun marang cak Joko. Ukarane yaiku “Saya salut, kamu ternyata hebat sekali. Sersan Aji yang selalu berpegang pada prinsip, kabeh uwong kudu dicurigai, berarti penyamaran ku sukses.”. Tembung “saya”, “kamu”, “ternyata”, lan “berpegang” kuwi minangka bukti yen tembung kasebut tembung basa Indonesia. Dene tembung “kabeh”, “uwong”, lan “kudu” kuwi mbuktekake yen tembung kang digunakake Abah Kirun ngandut tembung basa Indonesia. Mula saka kuwi, bab ing dhuwur minangka wujud anane campur kode Basa Jawa menyang Basa Indonesia.

Campur Kode ekstern

Campur kode *ekstern* yaiku basa kang nggunakake tembung-tembung saka dhaerah liya, utamane dhaerah manca kang digandhengake klawan basa Jawa utawa basa nasional. Sajroneadicara Ngethoprak Kirun JTV uga ana saperangan paraga sing nalika cecatrunan nggunakake campur kodhe *Ekstern*.

Campur Kode Basa Jawa – Basa Arab

Campur kode saka basa Jawa menyang basa Arab uga digunakake dening paraga Ngethoprak Kirun JTV TVRI Jawa Timur, bab iku bisa disawang saka tuladha ing ngisor iki.

Dhata (10)

- Abah Kirun : Suaramu sik apik, sik nyanyi?
Fitri : Alhamdulillah Nggih, Bah.
Abah Kirun : Nampa sapa ae? Ikut orkesnya siapa saja?
Fitri : Sapa ae Pak sing ngajak,
(Ngethoprak Kirun JTV tanggal 31 Agustus 2015
“Cemburu Buta”)

Saka dhata ing dhuwur bisa dibuktekake yen Paraga Fitri nggunakake tembung Basa Jawa lan tembung basa Arab nalika cecatrunan klawan Abah Kirun. Sajrone

pacaturan antara paraga loro kasebut salah siji paraga nggunakake ukara-ukara sing kacampur antarane basa Arab lan Jawa. Bab kasebut kabuktekake kanthi anane ukara “Alhamdulillah Nggih, Bah.”. tembung Alhamdulillah minangka tembung Basa Arab. Dene tembung “nggih Bah” iku minangka tembung kanthi basa Jawa.

Campur Kode Basa Jawa – Basa Inggris

Wujud campur kode saka basa Jawa menyang basa Inggris uga digunakake dening paraga Ngethoprak Kirun JTV TVRI Jawa Timur, bab iku bisa disawang saka pethikan dhata ing ngisor iki:

Dhata (11)

- | | |
|------------|--|
| Abah Kirun | : Nampa sapa ae? Ikut orkesnya siapa saja? |
| Fitri | : Sapa ae Pak sing ngajak, |
| Abah Kirun | : Oh <i>freelance</i> ? |
| Fitri | : nggih, <i>Freelance</i> , |
| Abah Kirun | : Apa kae <i>freelance</i> apa kae, orkes apa kae neng Surabaya kae? |
- (Ngethoprak Kirun JTV tanggal 31 Agustus 2015
“Cemburu Buta”)

Saka dhata ing dhuwur bisa dimangertenin yen fitri sajrone cecatrunan nggunakake basa Inggris lan basa Jawa nalika cecatrunan klawan Abah Kirun. Bab kasebut bisa dibuktekake kanthi anane ukara kang diucapake Abah Kirun marang cak Andhik. Ukarane yaiku “nggih, *Freelance*”. Tembung “nggih”, kuwi minangka bukti yen tembung kasebut tembung basa Jawa. Dene tembung “Freelance” kuwi mbuktekake yen tembung kang digunakake Fitri ngandut tembung basa Inggris. Mula saka kuwi, bab ing dhuwur minangka wujud anane campur kode Basa Jawa menyang Basa Inggris.

Wujud Alih Kode

Alih kode yaiku owahing basa pacaturan nanging ora mung owahing basa siji ing basa liyane, nanging uga saka ragam basa, antar dialek, lan uga antar basa kang kawatesan saukara. Alih kode ing dhata panliten iki dijupuk saka guneman ing antarane Paraga Ngethoprak Kirun JTV, lan alih kode kang digunakake iku bisa nduweni tujuwan (1) supaya narik kawigatene para pamirsa, (2) supaya luwih gampang dimangertenin sakabehe kalangan, (3) supaya tetep bisa nglestarekake basa Jawa.

Alih kode sajerone pacaturan diperang dadi loro, yaiku alih kode *intern* lan Alih kode ekstern. Alih kode duweni saperangan alasan utawa penyebab anane alih kode, yaiku (1) nyetir ukara liya, (2) wicara ora langsung, (3) owahe status, (4) ora bisa nguwasi basa tartamtu, (5) pengaruh saka ukara sadurunge (6) kahanan wicara, (7) kendhone panguwasaane awak, (8) penyebab topik

omongan, (9) lawan omong, lan (10) lagi sandhiwara. Sajrone adicara Ngethoprak Kirun JTV iki akeh ditemokake alih kode sing digunakake paraga ing saben pacaturan.

Alih Kode Intern

Alih kode *intern* yaiku alih kode sing ana sesambungane karo basa sing digunakake dhewe, tuladhané yaiku saka basa Jawa menyang basa Indonesia, utawa sawalike. Wujud alih kode ing adicara Ngethoprak Kirun JTV kaya ing ngisor iki.

Basa Jawa Ngoko lugu – Ngoko Alus

Saka dhata Ngethoprak Kirun Jtv kang wis di temokake dening panaliti, ana pirang-pirang wujud alih kode saka basa Jawa ngoko menyang basa Jawa krama, kayata ing ngisor iki:

Dhata (12)

- | | |
|------------|---|
| Abah Kirun | : Tentara kok gembeng kabeh! |
| Cak Andhik | : Sing gembeng sapa? |
| Abah Kirun | : Kula niku rung nganti cerita, sak dhukuhan niku |

(Ngethoprak Kirun JTV tanggal 23 Agustus 2015
“Songkok Komandan”)

Saka dhata ing dhuwur nuduhake dumadine wujud alih kode sajka basa Jawa ngoko lugu menyang ngoko alus. Kadadeyan kasebut ana ing pocapane Abah Kirun, kawitane Abah kirun nggunakake basa ngoko lugu nalika cecatrunan klawan Cak Andhik. Prekara iki dibuktekake kanthi anane ukara-ukara kang diucapake dening Abah Kirun. Marang Cak Andhik. Tembung-tembung kang ana ing sajrone ukara kasebut ngandhut tembung basa jawa ngoko lugu. Tembung kasebut kayata “kok” lan “kabeh”

Sawise Cak Andhik nyambungi pacaturane Abah Kirun, banjur Abah Kirun nggunakake basa jawa Ngoko alus. Perkara kasebut bisa dibuktekake kanthi anane tembung-tembung kang diucapake dening Abah Kirun marang Cak Andhik. Tembung-tembung kang ana sajrone ukara kasebut kalebu tembung basa ngoko alus yaiku basa ngoko sing wis kecampuran basa krama. Kabukten anane tembung “niku” sing diucapake dening Abah Kirun.

Alih Kode Basa Jawa Ngoko Lugu –Krama Lugu

Wujud alih kode saka Jawa ngoko lugu menyang krama lugu uga ditemokake sajrone pacaturan ing adicara Ngethoprak Kirun JTV. Dhata lan andharane kaya ing ngisor iki.

Dhata (13)

- | | |
|------------|---|
| Cak Mondol | : Pakmu aja entuk ngrasani aku ae, nek dirasani ae tak pegat we engko, |
|------------|---|

- Dina : Emoh aku kok pegat, aja ya Mas ya?
emoh ya Mas ya?
Abah Kirun : Iki loh Ndhuk nganggo iki loh, aku
ki ra ngrasani kok,
Dina : Mpun kasar-kasar ta Pak,
Abah Kirun : Sing kasar ki loh sapa? Omongane
bojomu nglengketne ati loh, kok
ndadak

(Ngethoprak Kirun JTV tanggal 31 Agustus 2015
“Cemburu Buta”)

Dhata ing dhuwur nuduhake anane alih kode saka basa Jawa Ngoko lugu menyang krama lugu. Kadadeyan kasebut kabukten nalika Dina lagi cecaturan karo Cak Mondol nggunakake basa jawa ngoko lugu “Emoh aku kok pegat, aja ya Mas ya? emoh ya Mas ya?” ing pacaturan kasebut Dina nggunakake basa jawa ngoko lugu nalika cecaturan karo Cak Mondol amarga tembung-tembung sing diucapakae Dina kuwi ngandhut basa ngoko lugu.

Nalika Abah Kirun mlebu ing pacaturan kasebut minangka wong tuwa, mula Dina nggunakake alih kode saka basa jawa ngoko menyang basa Jawa krama lugu, kabukten ing ukara-ukara sing digunakake Dina ngandhut tembung-tembung basa krama lugu, “Mpun kasar-kasar ta Pak.” Tembung “mpun” duweni teges sampun utawa aja. Mula ing kene ada kadadeyan alih kode basa Jawa ngoko lugu menyang basa Jawa Krama lugu.

Alih Kode Basa Jawa - Basa Indonesia

Wujud alih kode *intern* ingadicara Ngethoprak Kirun JTV liyane yaiku alih kode basa Jawa menyang basa Indonesia. Wujud alih kode saka basa Jawa menyang Basa Indonesia iki bisa dideleg saka pethikan pacaturan kaya ing ngisor iki:

- Dhata (14)
Abah Kirun : Imron biyen orkes jaman kuna,
jaman aku ya Devis kui, Moneta,
terus
Fitri : Durung lahir aku,
Dina : Soneta,
Abah Kirun : Soneta rak Bang Hajji, itu nggone
Rajawali Bang Roni Wijaya, biyen sik
Susi MZ, Surya Rahman, wah ana
penyanyi kaya awakmu uayu gede
duwur, *he'eh* gede duwur, Tatik JM
kui baiiyuu jan wis “*howowowor*”
mbok menawa nonthok kui arek'e
kui, sik nyanyi ae?
Fitri : Iya, Bah, masih dong.
(Ngethoprak Kirun JTV tanggal 31 Agustus 2015
“Cemburu Buta”)

Dhata ing dhuwur nuduhake anane alih kode *intern* basa Jawa menyang Basa Indonesia lan suwalike, tuladhane ‘Durung lahir aku’ menyang basa Indonesia

‘Iya, Bah, masih dong”. Pacaturan kasebut kapethik saka salah sawijine babak lakon cemnuru buta ing Ngethoprak Kirun. Pethikan kasebut nuduhake alih kode saka basa Jawa menyang basa Indonesia sing tuturake dening paraga Fitri menyang Abah Kirun minangka sara komunikasi marang lawan tuture.

Dhata kasebut uga asring dumadi ing bebrayan Jawa amarga kepengin nuduhake statur sosial. Ana pawongan sing nggunakake basa Indonesia ing satengahe pacaturan Basa Jawa. Ora ateges yen basa Jawa kuwi dadi basa sing tatarane rendah. Nanging yen nggunakake basa Indonesia wong mesthi ngrungokake kanthi duweni pamikiran utawa panemu yen wong sing lagi cecaturan kasebut duweni drajat lan statur sing luwih dhuwur tinimbang wong sing ngrungokake.

Alih Kode Extern

Alih kode *extern* yaiku alih kode sing didumadi antaratne basa ne dhewe klawan basa asing utawa basa manca. Tuladhane yaiku saka basa Jawa lan basa Indonesia menyang basa Inggris , utawa sawalike, lan Basa Jawa utawa Indonesia menyang Basa Arab, lan suwalike. Wujud alih kode *extern* ingadicara Ngethoprak Kirun JTV kaya ing ngisor iki.

Alih Kode Basa Jawa – Basa Inggris

wujud alih kode extern sing sepisan yaiku alih kode basa Jawa – basa Inggris. Alih kode iki uga ditemokake ing pacaturan para paraga Ngethoprak Kirun Jtv. Tuladhane kaya ing pethikan ing ngisor iki.

- Dhata (15)
Abah Kirun : Nampa sapa ae? Ikut orkesnya siapa
saja?
Fitri : Sapa ae Pak sing ngajak,
Abah Kirun : Oh *freelance*?
Fitri : *Freelance*,
Abah Kirun : Apa kae apa kae, orkes apa kae neng
Surabaya kae?
(Ngethoprak Kirun JTV tanggal 31 Agustus 2015
“Cemburu Buta”)

Dhata ing dhuwur iki minangka wujud anane peralihan kode basa saka basa Jawa menyang basa Inggris kang dituturake dening Abah Kirun lan Fitri, yaiku anane tembung *freelance (bebas)* tanpa ikatan, nalika Abah Kirun nyuwun pirsa marang Fitri sapa grup orkes sapa wae sing ngejob Fitri. Anane wangsanan *freelance* iki bisa kawetu tanpa sengaja, tujuwane supaya gampang anggone ngucapake utawa supaya ora dawa-dawa anggone mangsuli.

Makna Basa

Sawijine panuturan, tembung minangka babagan saka gugus basa kang nyengkuyung makna. Amarga asring banget ditemoni sawijine panutur nindakake seleksi lan pilihan-pilihan tartamtu supaya apa kang dadi

ancase bisa digayuh. Asring banget kapinterane sawijine pawongan anggone nekakake tembung lan istilah sajrone prastawa basa ndadekake pawongan bisa menehi pangaribawa marang pihak liyan saengga dheweke bisa dipercaya lan ditiru saka bab apa wae. Makna basa duweni 2 jinis yaiku makna dhenotatif lan konotatif.

Makna dhenotatif

Makna dhenotatif yaiku makna basa sing sabenere, objektif utawa apa anane. Makna dhenotatif iki asring banget diarani kanthi jeneng makna konseptual. Tegese yaiku, makna ing sawijine tembung kan dirumusake kanggo sepisanan diarani makna dasar. Tuladhané “adus” tegese kuwi ngresiki awak, kanthi piranti sabun banjur disiram karo banyu.

Dhata (16)

- Dina : Aku arep turu, nek turu dewe bisa kademen, turu amor pengungsi keramen, penak'e turu karo sapa?
Cak Andhik: Turu karo mayit penak'e, Kolek? Pangkate apa Kolek ki?
Cak Joko : Oh ora roh kowe,
(Ngethoprak Kirun JTV tanggal 23 Agustus 2015
“Songkok Komandhan”)

Saka dhata ing ndhuwur iki mbuktekake anane makna basa dhenotatif utawa makna basa sing satemene. Amarga saka paraga dina ing ndhuwur nalika ngucap “Aku arep turu, nek turu dewe bisa kademen, turu amor pengungsi keramen, penak'e turu karo sapa?” kuwi cetha nggambareke yen dhewek e kuwi lagi nandang sungkawa. Ing pangucape dhina kasebut nuduhake yen dina kuwi sambatan jalanan ora duwe sapa-sapa ing uripe.

Makna Konotatif

Makna konotatif yaiku makna kang duweni sifat asosiatif. Tegese makna tembung kang ana iku mau minganca jalanan saka sikap sosial, pribadi, lan budaya kang ditambahake ing sajrone makna dhenotatif. Makna konotatif duweni julukan liya, yaiku makna kias, ora arang digayut-gayutake kanthi ungkapan budaya andharane duweni konteks ing sajerone.

Dhata (17)

- Cak Andhik : We ngerti pa ra kalahe Landa karo sapa?
Cak Joko : Karo sapa?
Cak Andhik : Karo AS, kowe nek nduwe AS mesti menang kowe.
Cak Joko : Astaghfirullahal'adzim ya Allah, ampunilah dosanya umat-Mu Andik ya Allah, Ndiik Andiik, we ki jane dadi apa ta? pejuang pa ustad? We ki ora ngerti takokbisa teko AS ki nalarmu ki piye?
(Ngethoprak Kirun JTV tanggal 23 Agustus 2015
“Songkok Komandhan”)

Saka dhata ing dhuwur mbuktekake anane makna basa kang digunakake dening paraga Ngethoprak Kirun sing duweeni teges ora satemene utawa makna konotatif. Kabukten nalika Cak Andhik menehi pitakonan marang Cak Joko “We ngerti pa ra kalahe Landa karo sapa?” ing kene ditemokake makna sing durung cetha, wong liya bisa mikir yen Landa sing ducapake dening Cak Andhik kuwi bisa uga bangsa Landa sing njajah negara. Nanging sing dikarepake dening Cak Andhik yaiku landa sing ana ing kertu dolanan.

PANUTUP

Bab iki ngandharake dudutan lan pamrayoga saka panliten in skripsi iki.

Dudutan

Dudutan saka asile panliten lan panjentrehan ngenani Basa Pacaturan Ing Adicara Ngethoprak Kirun Jtv (Tintingan Sosiolinguistik) bisa didudut, yen sajrone panliten iki ana maneka ragam basa kang digunakake parasa sajrone pacaturan ingadicara Ngethoprak Kirun JTV iki duweni telung ragam, yaiku (1) werna basa, (2) alih kode, (3) campur kode, (4) makna Dhenotatif, lan (5) makna konotatif. Ancangan kang ana ing panliten iki yaiku *deskriptif kualitatif*, dene wewatesane yaiku basa sing digunakake ingadicara Ngethoprak Kirun JTV.

Wernane basa nduweni jinis lan corak kang werna-werna. Saben-saben werna nduweni titikan dhewe-dhewe. Werna basa sing siji nduweni titikan tartamtu kang mbedakake karo werna basa liyane. Basa kang digunakake ingadicara Ngethoprak Kirun JTV mujudake werna basa, amarga nduweni titikan tartamtu. Werna basa kang digunakake ingadicara Ngethoprak Kirun JTV iki yaiku werna basa ngoko lugu, werna basa ngoko alus, werna basa krama lugu, werna basa krama inggil, werna basa Jawa - Arab, werna basa Jawa-Indonesia, lan Werna Basa Jawa - Inggris - Indonesia

Panliten iki nemokake anane pamilihe tembung lan tetembungan, sing di andharake kanthi cara alih kode lan campur kode Alih kode ing dhata panliten iki dijupuk saka guneman ing antarane paraga Ngethoprak Kirun JTV, lan alih kode kang digunakake iku bisa nduweni tujuwan (1) supaya narik perhatiane para pamirsa, (2) supaya luwih gampang dimangertenii sakabehe kalangan pamirsa campursari, (3) supaya tetep bisa nglestarekake basa Jawa. Alih kode ing kene diperang dadi rong maacem yaiku alih kode *intern* lan alih kode *Ekstern*. Panliten iki nemokake wujud alih kode *intern* antarane yaiku alih kode basa Jawa ngoko lugu - basa Jawa ngoko alus, alih kode

basa jawa ngoko lugu – basa Jawa krama lugu, lan basa Jawa - basa Indonesia. Dene alih kode *ekstern* antarane yaiku basa Jawa - basa Inggris.

Campur Kode ing dhata panliten iki dijupuk saka guneman ing antarane paraga Ngethoprak Kirun JTV, campur kode iku bisa ndadekake guneman gampang dimangerteni, biasane campur kode digunaake kanggo njlentrehake babagan kang dadi bakune omongan supaya ukarane ora mbingungake sing diajak guneman, apamaneh yen sing diajak guneman mau durung sepira mangerteni basa kang digawe guneman wong kang ujar. Panliten iki merang campur kode dadi rong macem, yaiku campur kode *intern* lan campurkode *ekstern*. Campur kode *intern* antarane yaiku campur kode basa Jawa – basa Indonesia, lan basa Indonesia – basa Jawa. Dene campur kode *ekstern* yaiku antarane Campurkode basa Jawa – basa Arab, lan campurkode basa Jawa – basa Inggris.

Makna basa yaiku Sawijine panuturan, tembung minangka babagan saka gugus basa kang nyengkuyung makna. Amarga asring banget ditemoni sawijine panutur nindakake seleksi lan pilihan-pilihan tartamtu supaya apa kang dadi ancuse bisa digayuh. Asring banget kapinterane sawijine pawongan anggone nekakake tembung lan istilah sajrone prastawa basa ndadekake pawongan bisa menehi pangaribawa marang pihak liyan saengga dheweke bisa dipercaya lan ditiru saka bab apa wae. Makna basa duweni 2 jinis yaiku makna dhenotatif lan konotatif.

5.2 Pamrayoga

Panliten iki amung ngrembug saperangan saka wujud ragam basa sajrone pacaturan antara paraga ing adicara Ngethoprak Kirun JTV. Panliten iki isih adoh saka kasampurnan. Aspek-aspek kang dirembug ing panliten iki, kayata werna basa, alih kode lan campur kode isih durung kabedhah kanthi rowa. Mula, perlu dianakake panliten kang mirunggan babagan wujud ragam basa sajrone sajrone pacaturan antara paraga ing adicara Ngethoprak Kirun JTV kanthi luwih njlimet. Panliten iki uga isih ana kekurangan lan kaluputan, mula panaliti nduwensi pangajab panliten sabanjure kang mligine ngenani bab ragam basa bisa katindakake kanthi luwih sampurna.

KAPUSTAKAN

- Adipitoyo, Sugeng. 1996. "Wernane Basa Jawa lan Krida Olahe Basa ing Masyarakat Surabaya" ing *Majalah Prasasti* No. 22 hal 31-57. Surabaya: Fakultas Basa dan Seni Unesa
- Alwasilah, Chaedar. 1985. *Beberapa Madhap dan Dikotomi Teori Linguistik*. Bandung: Angkasa
- Basir, Ujang Pairin. 2001. "Sekilas Tentang Sosiolinguistik" ing *Majalah Verba* Vol. 2 No. 2 hal 146-160. Surabaya: Fakultas Basa dan Seni Unesa
- Basir, Ujang Pairin. 2010. *Sosiolinguistik Pengantar Kajian Tindak Berbasis*. Vol. 2 Surabaya: University Press Unesa
- Chaer, Abdul. 2007. *Linguistik Umum*. Jakarta: PT. Rineka Cipta
- Chaer, Abdul dan Leonie Agustina. 2004. *Sosiolinguistik: Perkenalan awal*. Jakarta: PT. Rineka Cipta
- Kartomihardjo, Soeseno. 1988. *Basa Cermin Kehidupan Masyarakat*. Jakarta: Depdikbud Direktorat Jenderal Pendidikan Tinggi P2LPTK
- Kridalaksana, Harimurti. 1984. *Kamus Linguistik* (Edisi Kedua). Jakarta: Gramedia
- Mahsun, Dr. 2005. Metode Penelitian Kata Dalam Bahasa Indonesia. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada
- Moeliono, Anton M. 1982. "Basa Indonesia dan Ragam-ragamnya" ing *Majalah Pembinaan Basa Indonesia* Jilid I No. 1 hal. 15-34, Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Basa Nababan, P. W. J. 1993. *Sosiolinguistik: Sebuah Pengantar*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama
- Pateda, Mansoer. 1987. *Sosiolinguistik*. Bandung: Angkasa
- Poedjasoedarma, Soepomo. 1979. *Tingkat Tutur Basa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Basa Depdikbud
- Rahardi, R. Kunjana. 2001. *Sosiolinguistik Kode dan Alih Kode*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar Offset
- Surana. 2015. etd.repository.ugm.ac.id
- Sudaryanto. 1986. *Metode Linguistik, Bagian Kedua: Metode dan Teknik Pengumpulan Dhata*. Yogyakarta: Gajahmada University Press
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis*

Basa: Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan secara Linguistik. Yogyakarta: Duta Wacana

Suwito. 1985. Sosiolinguistik Pengantar Awal. Surakarta: Henary Offset

https://scholar.google.com/scholar?hl=en&as_sdt=0.5&q=surana+variasi+bahasa#gs_qabs&u=%23p%3Dh8CsuX4DCkMJ

<https://www.youtube.com/watch?v=QCSs3HLrjao>

<https://www.youtube.com/watch?v=VOG7gbNMmdl>

